# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 जनवरी 2025** **भोजपुरी समाचार**

गौतमबुद्धनगर जिला में ग्रेटर नोएडा क इण्डिया एकसपोजिसन मार्ट लिमिटेड में आजु से इंडस फूड दुइ हजार पचीस परदरसनी क अठवां सस्करण सुरू हो गइल। केन्द्रीय खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्री चिराग पासवान एकर उद्घाटन कइलें। ई परदरसनी दस जनौरी ले चली। परदरसनी में तीस देसन क दुइ हजार तीनि सौ से बेसी परदरसक अउर सात हजार पांच सौ अन्तर्राष्ट्रीय खरीददार हिस्सा ले रहल हवें। येह मौका पर केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलें कि खाद्य पदार्थन क गुणवत्ता से कउनों समझौता नाहीं कइल जाई। पछिलो बजट में सरकार की ओरि से अइसन कइ प्रावधान कइल गइल हौ जवन गुणवत्ते से जुड़ल हौ। कार्यक्रम में योग गुरू बाबा रामदेवो हिस्सा लिहलें।

**********

गृह मंत्री अमित शाह कहले हवें कि तीनि नया अपराधिक कानून दंड केन्द्रित नइखे बलुक पीड़ित केन्द्रित हौ अउर एकर उद्देस्य जुरते न्याय उपलब्ध करावल हौ। उहां के नई दिल्ली में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के साथे काल्हि भइल बइठकी में उत्तर प्रदेस में येह कानूनन के हिसाबि से कइल जा रहल कार्यवाही क समीक्षा कइलें। श्री शाह कहलें कि येह बरिस मार्च के आखीर ले उत्तर प्रदेस क सज्जो सात पुलिस कमिश्नरी के साथे अउरियो जिलन में नया अपराधिक कानूनन क सौ फीसदी अनुपालन सुनिस्चित कइल जाये के चाही। समीक्षा बइठकी के बाद एगो सोसल मीडिया सनेसा में गृह मंत्री कहलें कि मोदी सरकार न्याय व्यवस्था के त्वरित अउर परभावी बनावे बदे संकलपित हौ।

**********

नई दिल्ली क भारत मण्डपम में दस से बारह जनौरी ले चले वाला अट्ठाइसवां युवा उत्सव दुइ हजार पचीस के प्रदेस क प्रतिभागी दल के आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ से हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री नौजवानन में संवाद कौसल के विकास क जरूरति पर बिसेस जोर दिहलें।

***एक राजनेता वही सफल हो सकता है जिसमें संवाद की कला हो। अगर वह संवाद की कला में माहिर नहीं है तो वह कभी सफल राजनेता नहीं हो सकता है। और युवा संसद के आयोजन के कार्यक्रम के साथ आप सबको जुड़ने का अवसर प्राप्त हुआ होता है। हम लोग बहुत बार कहते हैं इस बात को कि परम्परागत छात्र संघ चुनाव की बजाय हमे अपने विश्वविद्यालयों में, महाविद्यालयों में युवा संसद को प्रमोट करना चाहिए।***

येह मौका पर प्रदेस क खेल अउर युवा कल्याण मंत्री गिरीश चन्द्र यादव के साथे कई जने अउरियो गणमान्य लोगि मौजूद रहलें।

**********

महाकुंभ में उत्तर प्रदेस राज्य सड़क परिवहन निगम सरधालुअन क सुगम आवाजाही बदे प्रयागराज में इलेक्ट्रिक बस चलाई। मुख्य नहान के दिन्ने सुव्यवस्थित भीड़ प्रबंधन बदे प्रयागराज के आसपास से आवे वाली बसन के बाहरी मेला क्षेत्र में बनल आठ अस्थाई बस अड्डन से चलावल जाई। सथहीं, भीड़ि नियंत्रण बदे महाकुंभ क्षेत्र में सात हजार ग्रामीण बस अउर तीनि सौ पचास सटल बस लगावल जइहें। येह सेवा से सम्बन्धित जुरते मददि बदे यात्री टोल फ्री नम्बर एक आठ सुन्न सुन्न एक आठ सुन्न दुइ आठ सात सात अउर वाट्सअप नम्बर नौ चारि एक पांच सुन्न चारि नौ छौ सुन्न छौ से जनकारी ले सके लें।

**********

बनारस जिला में चाइनीज मांझा के बेचे वाले जगहिनि, दोकानदारन अउर खरीदे वालन के चीन्हि के कार्रवाई कइल जाई। जिलाधिकारी एस. राजलिंगम अउर अपर पुलिस आयुक्त एस चिनप्पा क अध्यक्षता में येह पर पुरहर रोकि बदे आजु जोनल ब्यौपारियन के साथे बइठकी भइल। अपर पुलिस आयुक्त बतवलें कि जिला में चाइनीज मांझा बेचे अउर खरीदे वालन के खिलाफ मोकदिमा दरज कइल जाई। एके ले के आवे वाला तिउहारन ले अभियान चलावल जाई।

**********

अजोध्या जिला क मिल्कीपुर विधानसभा उप चुनाव में तीनि लाख सत्तर हजार आठ सौ ओन्तीस मतदाता ओट डरिहें। ई जनकारी जिला निर्वाचन अधिकारी चन्द्रविजय सिंह आजु पत्रकारन से बातचीत के समय दिहलें। उहां के कहलीं कि विधानसभा क्षेत्र में दुइ सौ पचपन मतदान केन्द्र अउर चारि सौ चउदह मतदेय स्थल बनावल गइल हौ। ओम्मेदवार दस जनौरी से सतरह जनौरी ले नामांकन कइ सके लें। नामांकन परचन क जांचि अठारह जनौरी के होई अउर बीस जनौरी ले नांव वापिस लिहल जा सकी। पांच फरौरी के ओट परी अउर आठ फरौरी के ओटन क गिनती कइल जाई।

**********

कड़ेर ठंडी, सितलहरी अउर कुहेसा के बिच्चे मौसम विज्ञान विभाग इग्यारह जनौरी के प्रदेस में कुछु जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क आगम जतवले हौ। लखनऊ क आंचलिक मौसम विज्ञान केन्द्र क वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतवलें कि आवे वाला दुइ–तीनि दिन में प्रदेस में ठंडी अउरियो बढ़ी।

**एक तरीके से और हवाओं का चलन है जिससे काफी अच्छा दिन में ठंड बना हुआ है जिसके लिये आने वाले अगले तीन दिनों के लिये आज कल परसों शीत दिन का अलर्ट जारी है और साथ में दो दिनों के लिये आरेंज है तो उसके बाद थोड़ा सा एक स्ट्रांग पश्चिमी विक्षोभ आ रहा है जिससे कि जो ग्यारह तारीख से जो हमारा पश्चिमी उत्तर प्रदेश है वहां पर बारिश होने की सम्भावना है।**

मौसम विज्ञान विभाग के हिसाबि से अगिला दुइ दिन के बाद प्रदेस में कई जगहिनि पर न्यूनतम तापमानों दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस बढ़ि सके ला। येह बिच्चे ठंडी के नाते अजुओ जन–जीवन पर गहरा असर देखे के मिलि रहल हौ। कक्षा आठ ले क स्कूल बन्न हौ। बस अउर ट्रेन देरी से चलि रहल हइनि।

**********